# Кегейли районында көшпели қабыллаў өткерилди

Хабарыңыз бар, реже тийкарында Өзбекстан Республикасы Президентиниң Қарақалпақстан Республикасындағы Халық қабыллаўханасы шөлкемлестирилиўинде Республикалық 4 сектор жуўапкерлери қатнасыўында көшпели қабыллаўлар болып өтпекте.

Image not found or type unknown

Бүгин нәўбеттеги көшпели қабыллаў Кегейли районында өткерилди. Сондай-ақ, район жаслары менен ушырасыў шөлкемлестирилип, олардың машқалалары усыныслары тыңланды.

Image not found or type unknown

Көшпели қабыллаўда физикалық ҳәм юридикалық шахслардан жәми 51 мәселе келип түсип, 6 мүрәжат орнында унамлы шешилип, 13 мүрәжат ийесине ҳуқықый түсиник берилди. Сондай-ақ, 32 мүрәжат бойынша тийисли мәкеме басшыларына тапсырмалар берилип, Халық қабыллаўханасы

тәрепинен қадағалаўға алынды.

Image not found or type unknown

Карантин қагыйдаларына әмел еткен ҳалда, Республикамызда көшпели қабыллаўлар даўам етеди.

Өзбекстан Республикасы Президентиниң Қарақалпақстан Республикасындағы Халық қабыллаўханасы Баспасөз хызмети